# SECONDARY EXAMINATION – 2020 (ANNUAL)

## (Model Set)

## MAITHILI (MT)

## (मैथिली)

**Candidates are required to give their answer in their own words as far as particable**

**परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।**

**Figures in the margin indicate full marks**

**दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।**

**समय : 03 घंटे 15 मिनट** | **पूर्णांक : 100**

**Time : 03 Hrs 15 Monutes** | **Full Marks : 100**

***परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–***

***Instructions for the Candidates :-***

1. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
2. दाहिनी ओर हाशिए पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
3. उत्तर लिखते समय परीक्षार्थी यथासंभव शब्द–सीमा का ध्यान रखें।
4. प्रश्न–पत्र पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 50 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, सभी प्रश्न अनिवार्य हैं। प्रत्येक के लिए 1 अंक निर्धारित है। इनका उत्तर उपलब्ध कराये गये OMR–शीट में दिये गये सही वृत्त को भरने के लिए काले/नीले बॉल पेन का प्रयोग करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना मना है। ऐसा करने पर परीक्षा–परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में कुल 7 (सात) विषयनिष्ठ प्रश्न हैं। प्रत्येक प्रश्न के समक्ष अंक निर्धारित हैं।

8. किसी तरह के इलेक्ट्रॉनिक–यंत्र का प्रयोग वर्जित है।

## खण्ड–'अ' (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 01 सँ 60 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि–चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहि मे एक सही अछि। सही विकल्प चुनिकय ओ0 एम0 आर0 शीटमे भरू। उक्तमे कोनो **पचास** प्रश्नक उत्तर दिअ। 50X1 =50

1. 'यात्री' क रचना अछि–

(A) हऽ आब भेल वर्षा (B) बच्चा

(C) वन्दना (D) माँ

2. 'पर्यावरण' शीर्षकक लेखक छथि –

(A) राजमोहन झा (B) अशोक

(C) विभारानी (D) दिनेश्वर लाल 'आनन्द;'

3. अशोकक रचना अछि–

(A) क्रैक (B) बाबाक आत्मीयता

(C) पर्यावरण (D) राष्ट्र भाषा ओ मातृभाषा

4. 'रौदी अछि' शीर्षक कविताक रचयिता छथि–

(A) उदय चन्द्र झा 'विनोद' (B) विद्यानाथ झा 'विदित'

(C) बुद्धिनाथ मिश्र (D) सुकान्त सोम

5. गंगासँ हिमालयक चकराइ अछि–

(A) तीस कोस (B) चालीस कोस

(C) पचास कोस (D) चौंसठि कोस

6. शान्ति निकेतनक स्थापना कयनिहार छथि –

(A) विश्वकवि रबीन्द्रनाथ ठाकुर

(B) राष्ट्रकवि 'दिनकर'

(C) महात्मा गाँधी

(D) मदन मोहन मालवीय

7. विद्यापति ख्याति पओलनि–

(A) संस्कृत भाषामे रचनाकऽ

(B) मैथिली भाषामे रचनाकऽ

(C) अवहट्ठ भाषामे रचनाकऽ

(D) बांग्ला भाषामे चनाकऽ

8. 'बहिगेल कमला बलान हे' पाँती अछि –

(A) 'हऽ' आब भेल वर्षा शीर्षकक

(B) 'समयसाल' शीर्षकक

(C) 'भाविभरदुतिया विधान हे' शीर्षकक

(D) 'रौदी अछि' शीर्षकक

9. फूलक सन्दर्भमे डाक्टरक कहब छलनि, अधिकसँ अधिक ........... मास थिकाह – एतए रिक्तस्थानमे होएत –

(A) एक

(B) दू

(C) तीन

(D) चारि

10. भारतक सर्वोच्च नागरिक सम्मान अछि –

(A) पद्मविभूषण

(B) पद्मश्री

(C) पद्मभूषण

(D) भारतरत्न

11. 'बुढ़ापा' शब्द संज्ञाक भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) जातिवाचक संज्ञा

(B) व्यक्तिवाचक संज्ञा

(C) भाववाचक संज्ञा

(D) समूहवाचक संज्ञा

12. 'प, फ, ब' वर्णक उच्चारण स्थान अछि –

(A) ओष्ठ

(B) दन्त

(C) तालु

(D) कण्ठ आ तालु

13. ‘त्र’ वर्ण थिक –

(A) स्वर वर्ण (B) व्यञ्जन वर्ण

(C) संयुक्त वर्ण (D) उक्तमे कोनो नहि

14. ‘बताह’ आ ‘बुड़िबक’ शब्द, शब्द भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) तत्सम (B) तद्भव

(C) देशज (D) विदेशज

15. ‘देसिल वयना सब जन मिट्ठा’ कहने छथि –

(A) जयदेव (B) यात्री

(C) विद्यापति (D) चन्दा झा

16. लखन जीक रचना छनि –

(A) मिथिला ए यूनियन रिपब्लिक (B) मिथिला इन इण्डिया

(C) मिथिला बिल राइज (D) उक्त तीनू

17. ‘कल्पनाक स्वर्गमे बूलत लोक’ पाँती अछि –

(A) ‘रौदी अछि’ शीर्षकक (B) ‘हऽ आब भेल वर्षा’ शीर्षकक

(C) ‘माँ’ शीर्षकक (D) ‘हाथ’ शीर्षकक

18. ‘एखन आ जहिया’ शब्द, शब्द भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) सर्वनाम (B) विशेषण

(C) अव्यय (D) क्रिया

19. ‘स्वाहा करब’ केर अर्थ होइछ –

(A) आगिमे घी देब (B) नष्ट करब

(C) अग्निदेवकेँ तृप्त करब (D) आगिक ज्वाला बढ़ायब

20. 'पीताम्बर' शब्द थिक –

(A) रूढ़ि (B) यौगिक

(C) योगरूढ़ि (D) तत्पुरुष समास

21. 'निरोग' शब्दक सन्धि–विच्छेद उदाहरण थिक –

(A) दीर्घ सन्धिक (B) गुण सन्धिक

(C) व्यंजन सन्धिक (D) विसर्ग सन्धिक

22. 'गणेशक' पर्यायवाची शब्द अछि –

(A) गजानन (B) मूषिकवाहन

(C) गणपति (D) उक्त तीनू

23. 'ओ अपनहि कार्य कयलनि' मे 'अपनहि' उदाहरण थिक –

(A) पुरुषवाचक सर्वनामक (B) निजवाचक सर्वनामक

(C) अनिश्चयवाचक सर्वनामक (D) निजवाचक सर्वनामक

24. 'वामा हाथक खेल' केर अर्थ होइछ –

(A) वामा हाथे खेल खेलायब

(B) सुलभ कार्य

(C) वामाहाथक करिश्मा

(D) ओहन खेल जे वामा हाथे खेलायल जाय

25. 'अँग्रेज भारत छोड़ू' नारा देल गेल रहय –

(A) 1925 ई0 (B) 1930 ई0

(C) 1942 ई0 (D) 1947 ई0

26. 'चट मंगनी पट विआह' केर अर्थ होइछ –

(A) काज जल्दी होयब

(B) मंगनी करू

(C) बिआह भऽ जायब

(D) बिआह आ मंगनी संग भऽ जायब

27. 'पाँच किलो चीनी दिअ' मे पाँच किलो चीनी विशेषण थिक –

(A) गुणवाचक विशेषण (B) अनिश्चयवाचक विशेषण

(C) निश्चयवाचक विशेषण (D) परिमाणवाचक विशेषण

28. भारतीय राष्ट्रीय कांग्रेसक प्रथम अध्यक्ष बनलाह –

(A) डब्ल्यू0सी0 बनर्जी (B) जवाहर लाल नेहरू

(C) नेताजी सुभाष चन्द्र बोस (D) सुरेन्द्र नाथ बनर्जी

29. 'माँगन खबास' मृत्युसँ पूर्व रहथि –

(A) लक्ष्मी नारायण सिंहक दरवार मे (B) विश्वेश्वर सिंहक दरवार मे

(C) श्यामानन्द सिंहक दरवार मे (D) अलख नारायण सिंहक दरवारमे

30. गोदावरी दत्तकेँ चेतना समिति सम्मानित कयलकनि –

(A) काँस्य पदक दय (B) ताम्र पदक दय

(C) स्वर्ण पदक दय (D) उक्त तीनू पदक दय

31. दर्शनशास्त्र जननिहार कहाइत छथि –

(A) दर्शनीय (B) दर्शन वेत्ता

(C) दार्शनिक (D) दर्शनिया

32. हिमालयसँ गंगा निकलैत छथि, 'हिमालयसँ' मे कारक अछि –

(A) कर्म कारक (B) करण कारक

(C) सम्प्रदान कारक (D) आपादान कारक

33. कालक भेद होइछ –

(A) दू (B) तीन

(C) चारि (D) पाँच

34. 'यश' शब्दसँ बनल विशेषण अछि –

(A) यशी (B) यशस्वी

(C) यशवान (D) उक्त तीनू

35. 'बाया' नदीक प्राकट्य भेल छल –

(A) महावीरक महिमासँ (B) बुद्धक महिमासँ

(C) जनकक महिमासँ (D) राजर्षि निमिक महिमा सँ

36. 'कमलनयन (विष्णु) शब्द समासक भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) कर्मधारय समास (B) द्विगु समास

(C) बहुब्रीहि समास (D) द्वन्द्व समास

37. महात्मा गाँधीक मातृभाषा छलनि –

(A) मराठी (B) हिन्दी

(C) गुजराती (D) पंजाबी

38. मधुवाता ऋतायते .......... क उल्लेख अछि –

(A) वेदमे (B) पुराणमे

(C) उपनिषदमे (D) कर्मकाण्डमे

39. 'निरधन जन बोलि सबे उपहासय' पाँती अछि –

(A) 'समयसाल' शीर्षकक (B) 'शिवगीत' शीर्षकक

(C) 'बच्चा' शीर्षकक (D) 'माँ' शीर्षकक

40. एक वृक्ष लगा देलासँ .......... पुत्र होयबाक पुण्य मानल गेल अछि –

(A) दस (B) बीस

(C) तीस (D) पचास

41. 'माँगन खबास' लोकप्रिय भेलाह –

(A) नृत्यमे (B) संगीतमे

(C) तबला वादनमे (D) बांसुरी वादनमे

42. विद्यापति लिखलनि – (गीत)

(A) राधा–कृष्णक प्रेमगीत (B) गौरी–महोदवक गीत

(C) व्यवहार गीत (D) उक्त तीनू विषयक गीत

43. डॉ0 सुभद्र झा जीविकाक आरम्भ कयलनि –

(A) जिला स्कूलसँ (B) कॉलेजसँ

(C) विश्वविद्यालयसँ (D) प्राइमरी स्कूलसँ

44. लखन जी दरभंगा संसदीय क्षेत्रसँ चुनावमे उम्मीदवार भेलाह –

(A) सोशलिस्ट पार्टी सँ (B) कांग्रेस पार्टीसँ

(C) प्रजा सोशलिष्ट पार्टीसँ (D) कम्युनिष्ट पार्टीसँ

45. रमानाथ झा विद्धान छलाह –

(A) अंग्रेजीकेँ (B) संस्कृतकेँ

(C) मैथिलीकेँ (D) उक्त तीनू विषयक

46. उमाकान्त लिखैत छथि –

(A) कथा (B) नाटक

(C) निबंध (D) उक्त तीनू

47. 'भटवर तिलकोर कथी ले तरलिऐ' उक्ति अछि –

(A) बहिनक (B) भाइक

(C) भौजाइक (D) उक्तमे ककरो नहि

48. छात्र सभ बैसऽ लेल घरसँ आनैत अछि –

(A) बोरा (B) चट्टी

(C) आसनी (D) चटुआ

49. रबीन्द्रनाथ ठाकुरक रचना अछि –

(A) जय जवानः जय किसान (B) बच्चा

(C) रौदी अछि (D) हाथ

50. डॉ0 जयकान्त मिश्र नियुक्त कयल गेल रहथि –

(A) मैथिलीक व्याख्याता पद पर (B) अङ्रेजीक व्याख्याता पद पर

(C) संस्कृतक व्याख्याता पद पद (D) हिन्दीक व्याख्याता पद पर

51. 'जाहि भूमिक शैव कविसँ गेल रामायण रचल हो' पाँती अछि –

(A) चन्दा झाक कविताक

(B) विद्यानाथ झा 'विदित' क कविताक

(C) दीनानाथ पाठक 'बन्धु' क कविताक

(D) रबीन्द्र नाथ ठाकुरक कविताक

52. विद्यानाथ झा 'विदित' लिखैत छथि –

(A) कविता (B) कथा

(C) उपन्यास (D) उक्त तीनू

53. 'धर्मात्मा' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ –

(A) धर्म + आत्मा (B) धर्मा + आत्मा

(C) धर्म् + आत्मा (D) धर्मा + त्म

54. विद्यापति राजपण्डित बनलाह ........ दरवारमे।

एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) भवसिंहक (B) शिवसिंहक

(C) देवसिंहक (D) कीर्तिसिंहक

55. 'मर्त्य–लोकसँ देव–लोक धरि नेता वैह कहबैछ' पाँती अछि –

(A) 'वन्दना' शीर्षकक

(B) 'एड्सक कालनाग' शीर्षकक

(C) 'कर्मवीर' शीर्षकक

(D) 'जय जवानः जय किसान' शीर्षकक

56. 'जय जवानः यह किसान' लेल गेल अछि –

(A) 'स्वतंत्रता अमर हो हमर'सँ (B) रवीन्द्र पदावलीसँ

(C) प्रगीतसँ (D) सुगीतसँ

57. उदय चन्द्र झा 'विनोद' मूलतः आ मुख्यतः .......... छथि –

(A) कथाकार (B) निबंधकार

(C) नाटककार (D) कवि

58. 'दानी' प्रत्यय लगैलासँ बनल शब्द थिक –

(A) धूपदानी (B) नोसिदानी

(C) पिकदानी (D) उक्त तीनू

59. 'चलय नहि आबय त अड़ने टेढ़' केर अर्थ होइछ –

(A) अपन दोष रहितहुँ अनका दोषी कहब

(B) चलय नहि ऐबाक कारण आङन टेढ़ होइछ

(C) आङन टेढ़ होयबाक कारण अपन चालि थिक

(D) आङन टेढ़ होयबाक कारण चलबामे दिक्कत होइछ

60. 'छागर' शब्दक स्त्रीलिंग रुप लिखू –

(A) छागरी (B) छागरि

(C) पाठी (D) छागिरि

## खण्ड – ब (विषयनिष्ठ प्रश्न)

1. निम्नलिखितमे कोनो एक विषय पर निबंध लिखू :

(लगभग 250 – 300 शब्दमं) **10 x 1 = 10**

(A) चौठ चन्द्र पाबनि (B) चन्दा झा

(C) बाल–विवाह (D) वर्षा–ऋतु

(ड.) राष्ट्रवाद

2. निम्नलिखितमे कोनो एक प्रश्नक उत्तर दिअ : **7 x 1 = 7**

(A) दुर्व्यसन त्याग करबा लेल छोट भाइकेँ पत्र लिखू।

(B) अपन बहिनक विवाहमे ऐबा लेल मित्रकेँ पत्र लिखू।

**3.** निम्नलिखितमे कोनो **दू** उद्धरणक संक्षेपण, शीर्षक दैत करू : **4 x 2 = 8**

(A) कनेको सन्देह नहि जे मिथिलाक लोक संस्कृति मिथिलाक गाम–गमइक ओ संस्कृति अद्यपर्यन्त सुरक्षित अछि। एहिमे समाजक जन जीवन सभ अर्थ समाहित

अछि। एहि संस्कृति मध्य कोनो खाधि नहि अछि। कोनो आड़ि नहि अछि। कोनो वर्ग नहि अछि। कोनो जाति–धर्म नहि अछि। जन–जीवन तऽ ओहि संस्कृतिमे बसैत अछि, ओंघराइत अछि, पलैत आ बढ़ैत अछि। मिथिलाक लोक संस्कृतिमे जतेक कोनो तत्त्व समाहित अछि, सभ ठाम अपन माधुर्य लऽ कऽ उपस्थित अछि। सभ ठाम सामाजिक समरसताक भाव अन्तर्निहित अछि। ओएह भाव प्रस्फुटित भऽ मिथिलाक लोक संस्कृति आइयो धरि जीवन्त अछि। ओ कतेको झंझाबातकेँ देखैत, कतेको अन्हर–बिहाडि सँ लड़ैत आ झगड़ैत स्थिर अछि।

(B) विज्ञान भीषण औद्योगिक प्रतिद्वंद्विताक बीजारोपण कय देलक अछि। प्रगतिक दिशामे अनवरत उत्तरोत्तर उन्मुख हैवा लेल प्रत्येक राष्ट्रक मोनमे अपनाकेँ प्रमुख औद्योगिक राष्ट्रक रूपमें विकसित करबाक लालसा जागृत भय उठल अछि। फलतः कल–कारखानाक संख्या निरन्तर बढ़ैत जा रहल अछि। ओकर कचड़ा आविषाक्त रासायनिक जल निरन्तर नदीमे खसि रहल अछि। नगरक गंदा नाली सेहो नदीएमे खसि रहल अछि। अपना देशक गंगा–यमुना–सदृश पवित्र नदीक जल सेहो आब शत–प्रतिशत प्रदूषित भय चुकल अछि। वैज्ञानिकलोकनि सर्वेक्षणक माध्यमे सिद्ध कय देने छथि जे कानपुर, इलाहाबाद, बनारस, पटना आ भागलपुरमे गंगा सर्वाधिक प्रदूषित भए चुकल अछि। ओहिमे टी0बी0, हैजा, चेचक, मलेरिया, टायफाइड आ कालाजारक कीटाणु पोसाय रहल अछि। अतः जल जे जीवन लेल सर्वाधिक उपयोगी तत्त्व थिक, ओहो शुद्ध नहि रहि गेल अछि।

(C) स्वभावतः मनुष्य निर्बन्ध रहय चाहैछ। छोटसँ छोट बन्धन ओकरा खटकैत छैक। ओ ओहि बन्धनकेँ तोड़ि कय विचरण करबाक हेतु सतत लालायित रहैत अछि, मुदा से असम्भव। कारण मनुष्य एक सामाजिक प्राणी थिक। समाजक मध्य

रहबाक हेतु पारिवारिक आ सामाजिक शिष्टता आ मर्यादाक बन्धनक बीचहि रहि कय लोक समाजक अनुकूल रहि सकैछ। यदि समाजमे कोनो नियम पालन नहि हो त समाज उच्छृंखल भए जायत आ अराजकता पसरि जायत। अतएव समाजक हेतु नियमबद्धता गुण थिक। इएह नियमबद्धता थिक अनुशासन।

(D) सबहि व्यक्ति स्वीकार करैत छथि जे आजुक युग विज्ञानक युग थिक। एहि समयमे प्रगति धर्म थिक। संसारक सभ देश आगाँ बढ़ि रहल अछि। देश आ राष्ट्रक उन्नति परमावश्यक अछि। नगर देशक हृदय अछि अवश्य मुदा ओकर रक्षक आ पोषक विभिन्न अंग थिक गाम। यदि गाम सुधरि जाय त नगरक सुधार–सुलभ भए जायत। एकर कारण स्पष्ट अछि। गामहिक जनता त नगरमे अधिकतर अछि आ गामहिक वातावरण नगरकेँ घेरने अछि। अतएव गामक जनताक सुधारसँ समाज आ राष्ट्रक जनताक सुधार होयत। गामहिक उन्नति पर विश्ववन्धु बापूक रामराज्यक स्वप्न साकार भए सकैछ। अतः ग्रामोत्थान आजुक समयक एक प्रबल प्रश्न अछि, जकर समाधान सर्वप्रमुख अछि।

4. निम्नलिखितमे कोनो **एक** टाक आशय लिखू : **5 x 1 = 5**

(A) ''रौद्री अछि, दाही अछि
हमरा ले धैन सन
गामक तबाही अछि
हमरा ले धैन सन।''

(B) मुदा ओ अछि जे कोनो परिवाहि नहि करैए। ककरोसँ कुन्नह नहि रखैए, अपन काज पर डटल रहैए, ओहिना हँसैत। कखनो मोन छोट नहि करैए।''

5. निम्नलिखित लघूत्तरीयमे कोनो **पाँच** प्रश्नक उत्तर दिअ : **2 x 5 = 10**

(i) फूल अपन मायसँ अधिक प्रेम करैत छल, लिखू।

(ii) जैन धर्म मिथिलामे विकसित नहि भए सकल, कारण लिखू।

(iii) गाछ–वृक्ष वातावरण कैँ शुद्ध कोना करैछ? लिखू।

(iv) भारतीय संविधानक कोनो **तीन** विशेषताक उल्लेख करु।

(v) बतहियाकैँ मरिछीपा भात भेटलो उपरान्त नसीब नहि भऽ सकलैक, किएक?

(vi) छहरक निर्माण किएक कयल जाइत अछि ?

(vii) भरदुतिया दिन बहिन भाइक भोजन लेल की–की व्यवस्था कएने छलीह?

(viii) वर्षा होबऽ सँ पूर्व वातावरणक स्थितिक वर्णन करू।

(ix) 'कर्मवीर' केहन होइत छथि?

(x) 'हाथ' क महत्ताकैँ संक्षेपमे वर्णन करू।

6. निम्नलिखित दीर्घ उत्तरीय प्रश्नमे कोनो **दू** प्रश्नक उत्तर दिअ : **2 x 5 = 10**

(i) भोजन शीर्षकमे तीन पीढ़ीक भोजन व्यवस्थाक चर्चा अछि, लिखू।

(ii) विद्यापति पदावलीमे वर्णित गीतक संक्षिप्त परिचय दिअ।

(iii) 'माँ' शीर्षक कविताक भावार्थ लिखू।

(iv) देशक विकासमे जवान ओ किसानक योगदानक उल्लेख करू।